

DAFTAR PUSTAKA

- Alderson, J. Charles. 2000. *Assessing Reasing*. Cambridge: Cambridge University Press
- Azwar, S. (2015). *Reliabilitas dan Validitas*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Baddu, Nur Rahma. 2020. Pengembangan Instrumen Tes Higher Order Thinking Skill (HOTS) Pada Materi Statistika Kelas IX SMP Negeri 5 Enrekang. Universitas Muhammadiyah Makasar
- Chairunnisa. 2017. *Pengaruh Literasi Membaca Dengan Pemahaman Bacaan* (Penelitian Survei pada Mahasiswa STKIP Kusumanegara Jakarta). *Tuturan*, Vol. 6, No. 1, Januari 2017: 745-756 ISSN 2089-2616
- Cox, Carole dan James Zarrillo. 1993. *Teaching Reading with Children's Literature*. New York: Macmillan Publishing Company.
- Dalman. 2013. *Keterampilan Membaca*. Jakarta: PT Raja Grafindo
- Davies, Florence. 1995. *Introducing Rea ding*. London: Penguin English
- Djaali dan Muljono, Pudji. 2020. *Pengukuran Dalam Bidang Pendidikan*. Jakarta: PT Grasindo
- Elina Syarif, dkk. 2009. *Pembelajaran Menulis*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional
- Emzir. 2017. *Metode Penelitian Pendidikan Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Rajawali Pers
- Evelyn Williams English. 2017. *Pendidikan Literasi*. Bandung: Nuansa Cendekia
- Hadisaputra, dkk. (2020). *Validitas Instrumen Dalam Rangka Pengembangan Metode Pembelajaran Inovatif Untuk Meningkatkan Minat Belajar Siswa*. *ProsidingSAINTEK*,3(0),94–102.<http://jurnal.lppm.unram.ac.id/index.php>
- Hamdani, H. 2013. *Pengembangan Sistem Pendidikan di Indonesia*. Bandung: Pustaka Setia
- Harsiati, Titik. Dkk. 2017. *Karakteristik Tes Literasi Membaca pada Programme for International Student Assessment (PISA)*. *Jurnal Kajian Perpustakaan dan Informasi*. Malang: Universitas Negeri Malang
- Iskandarwassid, Dadang Sunendar. 2008. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya

- Jasmine, dkk. *Penerapan Model Four-D dalam Pengembangan Media Video Keterampilan Mengajar Kelompok Kecil dan Perorangan*. Jurnal Pendidikan West Science Vol. 01, No. 06, Juni, pp. 372 ~ 378
- Kartikasari, A. dan Widjajanti, D. B. 2015. *Pengembangan Perangkat Pembelajaran Matematika Berbasis Howard Gardner's Multiple Intelligences Berorientasi pada Kemampuan Koneksi Matematis Siswa Kelas IX SMP*. Jurnal (Online). Diakses dari seminar.uny.ac.id.
- Kasturi, dkk. 2015. *Pengembangan Perangkat Pembelajaran Problem Posing Berorientasi Penerapan HOTS Pada Materi Kesebangunan Kelas IX*. Jurnal Pancaran Pendidikan, (Online), Vol. 4(1), 11- 35.
- Kemendikbud. 2017. *Panduan Penilaian oleh Pendidik dan Satuan Pendidikan untuk Sekolah Menengah Atas*. Jakarta: Direktorat Jenderal Pendidikan Dasar dan Menengah
- Kemendikbudristek. 2023. *Framework Asesmen Kompetensi Minimum (AKM)*. Pusat Asesmen Pendidikan Badan Standar, Kurikulum dan Asesmen Pendidikan Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi
- Iizamudin Ma'mur. 2010. *Membangun Budaya Literasi*. Jakarta: Diadit Media
- Majid, A. 2005. *Perencanaan Pembelajaran*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Mardapi Djemari, 2011. *Pengukuran Penilaian & Evaluasi Pendidikan*. Yogyakarta: Nuha. Medika
- Matondang, Z., dkk. 2019. *Evaluasi Hasil Belajar*. Yayasan Kita Menulis
- Mulyasa. 2015. *Pengembangan dan Implementasi Kurikulum 2013*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Nalendra, dkk. 2021. *Statistika Seri Dasar Dengan SPSS*. Bandung: CV. Media Sains Indonesia.
- Navel. 2012. *Penelitian Pengembangan (Development Research)*. (Online). Diakses dari <https://navelmangelep.wordpress.com/2012/04/01/penelitian-pengembangan-development-research>
- Neng Gustini, dkk. 2016. *Budaya Literasi*. Yogyakarta
- Nopriyanti, T.D. 2015. *Pengembangan Soal untuk Mengukur Kemampuan Koneksi Matematis Siswa*. Prosiding, Universitas PGRI Palembang
- Nurjanah. Marlianingsih, Noni. (2015). *Analisis Butir Soal Pilihan Ganda Dari Aspek Kebahasaan*. N Nurjanah - Faktor Jurnal Ilmiah Kependidikan, 2017 - journal.lppmunindra.ac.id. 2(1), 71.
- OECD. 2019. *Frame Work Programme International Students Assessment*. Paris: OECD

- Punaji. 2016. *Metode Penelitian dan Pengembangan*. Jakarta: Prenadamedia Group
- Riduwan, Abdillah Sani. 2015. *Penilaian Autentik*. Jakarta: PT. Bumi Aksara
- Salam, Azwir. *Hubungan antara Kegiatan Literasi dengan Minat Anak Membaca Buku Pelajaran Agama Islam dalam Keluarga di Kelurahan Tobekgodang Pekanbaru*. Journal on Education Volume 05, No. 04, Mei-Agustus 2023, pp. 17418 - 17428 E-ISSN: 2654-5497, P-ISSN: 2655-1365 Website: <http://jonedu.org/index.php/joe>
- Subana, Sudrajat. 2005. *Dasar-Dasar Penelitian Ilmiah*. Bandung: Pustaka Setia
- Sugiyono. 2018. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Suharsimi, Arikunto. 2012. *Dasar-Dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara
- Susongko, Purwo. 2017. *Penilaian Hasil Belajar*. Tegal: Universitas Pancasakti Tegal
- Susongko, Purwo. 2019. *Model Asesmen Literasi Sains Siswa Berbasis Ipa Terpadu Dengan Pemodelan Rasch Untuk Peningkatan Kompetensi Lulusan Sma Program Matematika Dan Ilmu Alam (MIPA)*. Universitas Pancasakti Tegal
- Susongko, Purwo. 2021. *Aplikasi Model Rasch dalam Pengukuran Pendidikan Berbasis Program R*. Badan Penerbit Universitas Pancasakti Tegal. ISBN 978-602-53900-1-2
- Teken, I.B. 1965. *Teknik Sampling*. Jakarta: PT. Gramdia Pustaka Utama
- Tompkins, G.E. & Hoskisson, K. 1991. *Language Arts*. New York: Macmillan Publishing Company.
- Yusrizal. (2021). *The Validity Of Pisa Equivalent Mathematical Problems Based On Content Quantity*. AIP Conference Proceedings.

**KISI-KISI INSTRUMEN PENILAIAN LITERASI MEMBACA
DALAM PEMBELAJARAN BAHASA JAWA PADA PESERTA DIDIK SEKOLAH MENENGAH PERTAMA**

Jenjang Sekolah : Sekolah Menengah Pertama (SMP)
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Bentuk Soal : Pilihan Ganda

Level : 4 (Kelas 7-8)
Jumlah Soal : 30 butir
Waktu : 80 menit

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
1	Teks Berita “Pasar Slumpring”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks informasi	Disajikan teks berita, peserta didik dapat menemukan informasi harga terkait isi teks dengan benar.	1A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Menjelaskan ide pokok dan beberapa ide pendukung pada teks informasi.	Disajikan teks berita, peserta didik dapat menyimpulkan sebuah alasan terkait isi teks dengan benar.	1B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks informasi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks berita, peserta didik dapat membedakan informasi yang diperoleh dari teks dengan pengetahuan yang dimiliki.	1C
2	Teks Cerita Wayang Ramayana	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks cerita wayang, peserta didik dapat menganalisis	2A

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
	Lakon Kidang Kencana				kejadian yang ada dalam alur cerita dengan benar.	
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Mengidentifikasi dan menjelaskan perubahan pada elemen intrinsik (kejadian/karakter/setting/konflik/alur cerita) pada teks fiksi.	Disajikan teks cerita wayang, peserta didik dapat merinci alur cerita dengan benar.	2B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks cerita wayang, peserta didik dapat mengidentifikasi unggah-ungguh yang digunakan dalam teks cerita dengan benar.	2C
3	Teks Upacara Adat “Tedhak Siti”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks informasi	Disajikan teks upacara adat, peserta didik dapat menemukan informasi waktu terkait isi teks dengan benar.	3A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Menyusun inferensi, membuat koneksi dan prediksi baik teks tunggal maupun teks jamak	Menyimpulkan isi atau substansi (fakta/data, konsep, prinsip dan prosedur) pada teks informasi.	Disajikan teks upacara adat, peserta didik dapat menentukan filosofi Jawa yang terkandung dalam isi teks dengan benar.	3B

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Menilai format penyajian dalam teks	Menilai kesesuaian pemilihan warna, tata letak, dan pendukung visual lain (grafik, tabel dll) dalam menyampaikan pesan/topik dalam teks informasi.	Disajikan gambar terkait upacara adat, peserta didik dapat mengevaluasi kesalahan yang terdapat dalam gambar dengan benar.	3C
4	Teks Cerita Legenda “Dumadine Dusun Babakan”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks legenda, peserta didik dapat menjelaskan kejadian terkait isi teks dengan benar.	4A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Menyusun inferensi, membuat koneksi dan prediksi baik teks tunggal maupun teks jamak	Menyimpulkan perasaan dan sifat tokoh serta elemen intrinsik lain seperti latar cerita, kejadian-kejadian dalam cerita berdasarkan informasi rinci di dalam teks fiksi	Disajikan teks legenda, peserta didik dapat menyimpulkan kejadian terkait isi teks dengan benar.	4B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks legenda, peserta didik dapat menunjukkan alasan bahwa teks tersebut merupakan teks legenda dengan benar.	4C
5	Teks Dialog “Sekolah Adiwiyata”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat menentukan tokoh	5A

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
					terkait isi teks dengan benar.	
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Menyusun inferensi (kesimpulan) dan prediksi berdasarkan unsur-unsur pendukung teks fiksi (unsur intrinsik).	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat menyimpulkan hal terkait isi teks dengan benar.	5B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat membangun opini terkait isi teks dengan benar.	5C
6	Teks Deskriptif “Tari Topeng Endel”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks deskriptif, peserta didik dapat menentukan tokoh terkait isi teks dengan benar.	6A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Menyusun inferensi, membuat koneksi dan prediksi baik teks tunggal maupun teks jamak	Membandingkan hal-hal utama dalam teks fiksi (misalnya penokohan, konflik, dan alur)	Disajikan teks deskriptif, peserta didik dapat membandingkan hal-hal terkait isi teks dengan benar.	6B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Menilai format penyajian dalam teks	Menilai kesesuaian pemilihan warna, tata letak, dan pendukung visual lain (grafik, tabel dll) dalam	Disajikan teks deskriptif, peserta didik dapat mengevaluasi	6C

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
				menyampaikan pesan/topik dalam teks fiksi	kata yang kurang tepat menurut <i>ungguh-ungguh basa ngoko alus</i> .	
7	Teks Geguritan	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks <i>geguritan</i> , peserta didik dapat menemukan informasi terkait isi teks dengan benar.	7A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Menyusun inferensi (kesimpulan) dan prediksi berdasarkan unsur-unsur pendukung teks fiksi (unsur intrinsik).	Disajikan teks <i>geguritan</i> , peserta didik dapat menyimpulkan terkait isi teks dengan benar.	7B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks <i>geguritan</i> , peserta didik dapat mengidentifikasi kata-kata yang termasuk dalam <i>purwakanthi</i> .	7C
8	Teks Tembang Macapat “Pangkur”	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks <i>tembang macapat Pangkur</i> , peserta didik dapat menemukan informasi terkait isi teks dengan benar.	8A

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Menyusun inferensi (kesimpulan) dan prediksi berdasarkan unsur-unsur pendukung teks fiksi (unsur intrinsik).	Disajikan teks <i>tembang macapat Pangkur</i> , peserta didik dapat menyimpulkan <i>paugeran tembang</i> dengan benar.	8B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan, menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks <i>tembang macapat Pangkur</i> , peserta didik dapat mengevaluasi kata yang kurang tepat menurut <i>paugeran guru lagu</i> .	8C
9	Teks dialog yang melibatkan tokoh orang tua	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat menemukan informasi terkait isi teks dengan benar.	9A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Menyusun inferensi, membuat koneksi dan prediksi baik teks tunggal maupun teks jamak	Membandingkan hal-hal utama dalam teks fiksi (misalnya penokohan, konflik, dan alur)	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat membandingkan unggah-ungguh yang digunakan dalam teks dengan benar.	9B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Merefleksi isi wacana untuk pengambilan keputusan,	Merefleksikan pengetahuan baru yang diperoleh dari teks fiksi dengan pengetahuan yang dimiliki	Disajikan teks dialog, peserta didik dapat mengidentifikasi	9C

No.	Materi	Kompetensi	Subkompetensi	Rincian Kompetensi	Indikator Soal	Butir Soal
			menetapkan pilihan, dan mengaitkan isi teks dengan pengalaman pribadi		kalimat yang mengandung homograf.	
10	Teks Paragraf Aksara Jawa	Mengakses dan Menemukan Informasi (<i>Access and Retrieve</i>)	Mengakses dan mencari informasi dalam teks	Menemukan informasi tersurat (siapa, kapan, dimana, mengapa, bagaimana) pada teks fiksi	Disajikan teks paragraf berhuruf Jawa, peserta didik dapat menentukan tokoh yang terdapat dalam teks dengan benar.	10A
		Menginterpretasi dan Mengintegrasikan (<i>Interpret and Integrate</i>)	Memahami teks secara literal	Menyimpulkan perasaan dan sifat tokoh serta elemen intrinsik lain seperti latar cerita, kejadian-kejadian dalam cerita berdasarkan informasi rinci di dalam teks fiksi	Disajikan teks paragraf berhuruf Jawa, peserta didik dapat menyimpulkan pesan-pesan moral terkait isi teks dengan benar.	10B
		Mengevaluasi dan Merefleksi (<i>Evaluate and Reflect</i>)	Menilai format penyajian dalam teks	Menilai kesesuaian pemilihan warna, tata letak, dan pendukung visual lain (grafik, tabel dll) dalam menyampaikan pesan/topik dalam teks fiksi.	Disajikan teks paragraf berhuruf Jawa, peserta didik dapat mengevaluasi penulisan <i>pasangan</i> yang kurang tepat.	10C



SOAL



LITERASI MEMBACA DALAM PEMBELAJARAN BAHASA JAWA



Oleh:
Prabingesti Anggarsika





ꦠꦺ ꦠꦺ ꦠꦺ
 ꦠꦺ ꦠꦺ ꦠꦺ
 ꦠꦺ ꦠꦺ ꦠꦺ
 ꦠꦺ ꦠꦺ ꦠꦺ
 ꦠꦺ ꦠꦺ ꦠꦺ



MATERI 1

“TEKS BERITA”

Pasar Slumpring

Pasar Slumpring manggon ing desa Cempaka Kecamatan Bumijawa Kabupaten Tegal. Pasar kiye diarani Pasar Slumpring soale manggone neng tengah-tengah kebon pring. Pring kuwe ana kulite sing diarani slumpring, mulane diarani Pasar Slumpring. Pasar kiye bukane ora saben dina, nanging saben dina Minggu jam pitu esuk anjog jam loro awan.



Pasar kiye dadi panggonan kanggo kuliner. Panganan sing didol neng kene mung panganan-panganan lan jajanan tradisional khas Tegal sing ora nganggo pengawet, kaya: sega jagung, ponggol, gemblong, tahu aci, rujak, srobi, uraban, gethuk, cetot, cucur, lan liya-liyane. Saliyane panganan uga ana minuman tradisional kaya wedang jahe lan wedang uwuh. Para pengunjung sing kepengin nginung teh utawa nginung kopi ya ana, bakule langsung nggodhog wedang mulane rasane luwih nikmat.

Neng pasar kiye, transaksine ora nganggo duwit nanging nganggo koin saka pring sing diarani irad, dadi angger pan tuku panganan utawa minuman kudu tuku koin disit neng lawang sing nggo manjing, sakkoin regane rongewu limangatus rupiah. Ibu-ibu sing dodol neng pasar slumpring ngagem pakaian adat Jawa. Karo nikmati jajanan lan minuman, pengunjung dihibur swara musik saka pring sing digawakna dening bocah nom-noman desa Cempaka. Pasar Slumpring uga bisa dadi sarana wisata kuliner kang disenengi pengunjung, uga nguntungake warga Desa Cempaka. Anane pasar Slumpring dadi salah siji usaha kanggo nglestarike kuliner tradisional lan sarana kanggo ningkatna perekonomian warga.

SOAL MATERI 1

1A. Transaksi ing Pasar Slumpring nganggo koin saka pring. Pira regan saben koin ing Pasar Slumpring?

- A. Rp2.500,00
- B. Rp3.000,00
- C. Rp3.500,00
- D. Rp5.000,00

Kunci Jawaban: A

1B. Pasar Slumpring saliyane disenengi karo para pengunjung, uga gawe bungah para warga Desa Cempaka. Miturut panemumu, apa alesane?

- A. Desa Cempaka dadi rame lan para warga ora perlu nyambut gawe liyane.
- B. Pasar Slumpring bisa dadi sarana kanggo ningkatake perekonomian warga Desa Cempaka.
- C. Pasar Slumpring dadi pasar tradisional kang bisa kanggo dodolan kabeh kabutuhan pokok.
- D. Para warga Desa Cempaka seneng amarga para pengunjung nalika mlebu Pasar Slumpring kudu mbayar tiket.

Kunci Jawaban: B

1C. Pasar Slumpring mujudake salah sawijining pasar tradisional, nanging beda karo pasar tradisional liyane. Miturut panemumu, apa bedane?

- A. Pasar Slumpring mujudake pasar tradisional sing bisa buka saben dina, awit esuk tekan jam loro awan.
- B. Pasar Slumpring manggon ing tengah-tengah kebon pring, pedagange dodol buah lan sayuran khas Bumijawa.
- C. Pedagang ing Pasar Slumpring dodol panganan lan minuman tradisional, transaksine nganggo koin saka pring.
- D. Pedagang ing pasar tradisional dodolan sayur-sayuran lan buah-buahan, dene Pasar Slumpring dodolan panganan lan sembako.

Kunci Jawaban: C

MATERI 2

“CRITA WAYANG RAMAYANA LAKON KIDANG KENCANA”

Kidang Kencana

Raden Rama tindak saka saka Ayodya didherekake garwane yaiku Dewi Shinta lan adhine Lesmana. Anjog ing wana Dhandhaka, katon kumlebate kidang kencana. Dewi Shinta weruh ana kidang kencana nyuwun dicekelke dening Raden Rama. Sadurunge Raden Rama ngoyak kidang mau, penjenengane ngendika “Duh wong ayu, pesenku aja pisan-pisan metu saka pager gaib sing takgawe iki tanpa idipalilahku.” Dewi Shinta atur wangsulan “Inggih, Kakangmas”. Raden Rama uga paring dhawuh marang Lesma kanggo njaga garwane.



Sapungkure Raden Rama mburu kidang kencana jelmaane Kala Marica ya abidine Dasamuka, Dewi Sinta lan Lesmana nunggu ing sajeroning pager gaib. Playune kidang kencana tumuju satengahing alas, ngadohi panggonane Dewi Shinta. Raden Rama ilang kesabarane banjur kesusu menthang gendhewa nglepasake jemparing. Kidang kena panah, sakala mbengok sarosane nganti keprungu dening Dewi Shinta lan Lesmana. Pambengoke kidang lambat-lambat kaya sambate Raden Rama. Dewi Shinta kuwatir banjur dhawuh marang Lesmana supaya nggoleki swara mau. Lesmana ngemutake mbokmenawa swara mau dudu swarane Raden Rama nanging Dewi Shinta tetep prentah supaya digoleki.

Raden Rama rumangsa kena apus-apuse Kidang Kencana sing ujug-ujug ilang musna sawise kena jemparinge, banjur bali maring papane Dewi Shinta lan Lesmana. Ing satengahing dalan Raden Rama ketemu karo Lesmana. Wong loro banjur bali maring papane Dewi Shinta. Kaget penggalihe Raden Rama lan Lesmana weruh Dewi Shinta wis ora ana ing papane. Saklorone banjur nggoleki Dewi Shinta.

Kapethik saka Buku Pendamping Asah Basa

SOAL MATERI 2

2A. Miturut teks crita, Raden Rama paring dhawuh marang Lesmana kanggo njaga Dewi Shinta. Apa kang ndadekake Lesmana ninggalake Dewi Sinta?

- A. Dewi Sinta ngutus Lesmana nggoleki swara kang dikira Raden Rama.
- B. Dewi Sinta lan Lesmana mireng pambengoke Raden Rama njaluk tulung.
- C. Dewi Sinta pirsya yen Kidang Kencana kuwi sejatine jelmaan Kala Marica.
- D. Dewi Sinta paring dhawuh marang Lesmana kanggo ngoyak Kidang Kencana.

Kunci Jawaban: A

2B. Gatekna ukara-ukara iki!

- 1. Raden Rama ngoyak banjur manah Kidang Kencana.
- 2. Raden Rama nggawe pager gaib kanggo Dewi Shinta.
- 3. Lesmana nyusuli Rama bareng krungu swara mbengok sing dikira Rama.
- 4. Raden Rama, Dewi Shinta, lan Lesmana anjog ing wana Dandaka.
- 5. Raden Rama lan Lesmana weruh Dewi Shinta wis ora ana ing papane.
- 6. Dewi Shinta nyuwun dicekelake Kidang Kencana marang Raden Rama.

Kepriye urutan-urutane utawa alur crita wayang Ramayana lakon Kidang Kencana?

- A. 3-5-4-2-1-6
- B. 4-2-6-3-1-5
- C. 3-1-6-2-4-5
- D. 4-6-2-1-3-5

Kunci Jawaban: D

2C. Teks ing crita wayang kuwi migunakake unggah-ungguh ngoko alus.

Kepriye miturutmu?

- A. Bener, amarga nganggo tembung-tembung ngoko lan krama inggil.
- B. Bener, amarga nganggo tembung-tembung krama lan krama inggil.
- C. Salah, amarga kabeh tembung nganggo tembung ngoko.
- D. Salah, amarga kabeh tembung nganggo tembung krama.

Kunci Jawaban: A

MATERI 3

“TEKS UPACARA ADAT”

Tedhak Siti

Upacara tedhak siti utawa tedhak siten kuwe salah sijine upacara adat Jawa kanggo bocah umur pitung selapan utawa 245 dina, nalika bocah mau nembe genaunan mlaku. Tedhak siten kuwe asale saka tembung tedhak tegese idhak, mudhun, lan tembung siten asale saka tembung siti (lemah). Upacara kiye dianakna kanggo pralambang bocah sing siap-siap njalani urip liwat tuntunan wong tuwa.

Ubarampe ing upacara tedhak siten yaiku ana pengaron sing diisi kembang setaman, klasa anyar, pitik bakar, andha kang digawe saka tebu, jadah pitung warna yaiku abang, putih, ireng, kuning, biru, ungu, lan jambon tegese kanggo ngelingna bocah yen urip kudu waspada saka godaan warna-werna. Ana uga bancakan kaya sega gudhangan sing dibagekna maring para tamu sing teka, lan kurungan ayam kanggo nggambarna yen dunyane bocah isih setithik utawa ciut. Warna-werna barang sing didokon neng njerone kurungan yaiku pari sabengket, kapuk sabengket, piranti nulis, kaca, Al Qur'an, bokor sing diisi beras kuning, dhuwit receh, perhiasan, lan liya-liyane.

Upacara diwiwiti nalika bocah dituntun ibune, ngedhek jadah pitung warna. Jadah ditata saka warna sing padhang nganti warna sing peteng, pralambang dene urip kiye belih gampang nanging kabeh alangan sing dirasakake mengko mesthi bakal ana dalan kang padhang tumuju kamulyan. Bar ngidhak jadah, bocah dituntun ibu lan bapake munggah andha tebu. Tebu kuwe artine anteb ing kalbu, supaya anggone nitih urip neng dunya kiye bakal manteb atine. Mudhun sing anda, bocah dilebokna kurungan ayam sing wis dihias, banjur njukut salah siji barang sing ana ing njero kurungan mau.

Acara dilanjutna dening kulawarga nyebar udik-udik utawa dhuwit logam dicampur kembang lan beras kuning. Bar kuwe ana acara siraman, bocah diadusi nganggo kembang setaman terus dianggoni sandhangan sing serba anyar. Sarampunge acara mau, para tamu dibageni sega gudhangan, yakuwe sega sing lawuhe gereh utawa gesek, uraban lan liya-liyane.

SOAL MATERI 3

3A. Upacara tedhak siti dianakake wong tuwa kanggo nylameti lan paring donga kanggo putra/putrine. Kapan upacara tedhak siti bisa ditindakake?

- A. Nalika bocah umur setahun, wis bisa mlaku.
- B. Nalika bocah nembe lair nganti pusere puput.
- C. Nalika bocah umure pitu nganti wolung wulan.
- D. Nalika bocah umur pitung wulan ing kandhutan ibu.

Kunci Jawaban: C

3B. Upacara-upacara adat kang ana ing pulo Jawa nduweni filosofi kang adiluhung. Filosofi Jawa endi kang jumbuh karo Upacara Adat Tedhak Siti?

- A. Upacara Tedhak Siti dianakna kanggo pralambang bocah sing siap-siap njalani urip liwat pernikahan.
- B. Jadah pitung warna tegese kanggo ngelingna bocah yen urip kudu waspada saka godaan warna-werna.
- C. Bocah dituntun ibu lan bapake munggah andha tebu, pralambang urip kiye belih gampang.
- D. Jadah ditata warnane supaya anggone nitih urip neng dunya kiye bakal manteb atine.

Kunci Jawaban: B

3C. Gatekna gambar iki!



Warna jadah ing gambar teks “Tedhak Siti” kurang jumbuh karo isine teks, sing bener yaiku

- A. warna jadah kudune putih kabeh
- B. warna jadah ora olih nganggo warna ireng
- C. ditata supaya warnane cocok karo warna andha
- D. ditata saka warna sing padhang nganti warna sing peteng

Kunci Jawaban: D

MATERI 4

“TEKS CERITA LEGENDA”

Dumadosipun Dusun Babakan

Ki Ageng Sebayu kagungan putri asma Ni Ken Jayanti. Ni Ken Jayanti menika ayu sanget, saking ayunipun ngantos kondhang dumugi sajawining Pulo Jawa. Saking kawentaring ayunipun Ni Ken Jayanti lajeng kathah para putra adipati ugi bupati, malah kepara putra nata ing Mataram inggih lajeng sami nyatakaken arsa ngebun-ebun enjing pisan. Ki Ageng Subayu ngantos judheg penggalhipun, amargi boten saget nolak ugi boten saget nampi sedaya. Wusanipun, Ki Ageng Subayu ngawontenaken sayembara, “Sapa bae sing bisa negor wit jati sing dumunung ing sakidule wringin kembar, yaiku jodhone putriku.”

Enjangipun para santri dipundhawuhi supados nyebaraken isi sayembara wau. Para putra bupati ugi adipati ing saindenging Nuswantara lajeng sami tindak dhateng Tegal, njujug ing dalemipun Ki Ageng Subayu. Enjangipun lajeng dipunwiwiti negor taneman jatos ingkang agengipun boten limrah, umuripun kaetang sampun atusan taun. Satunggal mbaka satunggal satriya pinunjul sami nyobi negor taneman jatos manut kaliyan nomer undhi sayembaranipun. Gandheng tanemanipun agengipun boten mupakat, Santinipun boten wonten ingkang saged tatas ing wekdal sedinten, malah kapara namung cecel kulitipun thok. Mesthinipun gandheng sampun sedinten boten saget rubuh, lan tenaganipun sampun sayah sanget, Santinipun dipunsarujuki saben peng Lamar namung dipunwatesi sedinten mawon. Boten kenging ngluwihi saking sedinten, amargi pang Lamaripun kathah.

Enjangipun saderengipun sayembara kawiwitan malih, taneman jatos dipuntliti rumiyin bokmenawi wonten ingkang tumindak boten jujur ing wayah dalu. Kados menapa kagetipun para santri lan para satriya ingkang sami tumut sayembara jalaran taneman jatos menika wangsul wetah kados wingi uni. Santinipun lajeng sami rembagan, kadospundi caranipun anggenipun negor supados rampung sedinten, ateges wekdal sedinten taneman jatos kedah rubuh. Wola-wali para satriya nyobi negor jatos menika, nanging prasasat namung mbabaki kulit jatos thok. Gampilipun cariyos para satriya gagal boten wonten ingkang saget mrantasi damel.

Ki Ageng Subayu lajeng manages lan angsal wangsit menawi ingkang dados jodhonipun menika sampun dugi lan asmanipun Jadhug. Jadhug lajeng kadhawuhan nyobi negor jatos ngarang ingkang njenggarang dhuwuripun sundhul langit. Jadhug sendika dhawuh. Saderengipun tumandang damel, Jadhug semedi wonten ing sangandhapipun taneman jatos ngarang menika, manages marang Allah SWT menawi pancen Ni Ken Jayanti jodhonipun, taneman jatos menika saget rubuh. Ki Jadhug lajeng ngusap taneman jatos ingkang badhe dipuntegor menika. Kanthi kekiyatan ingkang ngedab-edabi taneman jatos ingkang dipuntapak kaping tiga lajeng rubuh saoyod-oyodipun. Ron-ronipun sami rontok kemleyang ndhawahi sirah ugi geger tiyang-tiyang ingkang sami ningali. Pesantren geger lan Ki Jadhug estu kajodhokaken kaliyan Ni Ken Jayanti. Criyos menika lajeng nuwuhaken Dusun Babakan saking kedadosan wit jati ingkang dipuntegor namung babak thok. Dene Ki Jadhug pranyata salah sawijining pangeran Mataram ingkang asma Pangeran Slarong utawi Pangeran Purbaya.

SOAL MATERI 4

4A Ki Ageng Subayu kagungan putri kang ayune kawentar nganti njaba pulo. Apa kang ditindakake Ki Ageng Subayu kanggo nemokake jodhone putrine?

- A. Ki Ageng Subayu nganakake perlombaan santri.
- B. Ki Ageng Subayu nganakake sayembara negor wit.
- C. Ki Ageng Subayu ngumpulake para adipati lan bupati.
- D. Ki Ageng Subayu nggolek Pangeran Mataram sing nyamar dadi santri.

Kunci Jawaban: B

4B Miturut crita, kabeh penglamar ora ana kang bisa ngrubuhake wit jati kang umure atusan taun kuwi. Kepriye carane Ki Jadhug bisa kasil menangake sayembara?

- A. Jadhug semedi lan ndonga marang Allah SWT, banjur nepuk wit jati ping telu.
- B. Jadhug kang sejatine Pangeran saka Mataram, negor wit jati diwangi para santri.
- C. Wit jati dibabaki karo para satriya kang melu sayembara tekan rong dina rong wengi.
- D. Ki Ageng Subayu manages marang gusti Allah supaya santrine bisa ngrubuhake wit jati.

Kunci Jawaban: A

4C Teks “Dumadine Dusun babakan” kalebu crita legenda. Miturut panemumu, bab apa kang ndadekake teks kuwi kalebu teks crita legenda?

- A. Teks kuwi nyritakake asal-usuling Desa Babakan kang manggon ing wilayah Kabupaten Tegal.
- B. Tokoh kang ana ing crita kuwi yaiku Ki Ageng Subayu, ulama kang misuwur dadi pangadhege Kabupaten Tegal.
- C. Critane babagan sayembara ing Desa Babakan sing pelamare para satriya lan Bupati nganti sajabaning Pulo Jawa.
- D. Wong kang menang ing sayembara yaiku Ki Jadhug, sing sejatine salah sawijining pangeran Mataram kang asmane Pangeran Purbaya.

Kunci Jawaban: A

MATERI 5
“TEKS DIALOG”

Sekolah Adiwiyata

- Feni : “Awas, awas! Minggir aja ngadhangi nyong pan mbuwang bungkuse roti!”
- Santi : “Mbuwang runtahe aja neng kono Fen! Kae lho ana tempat sampah.”
- Feni : “Kowen ora usah kuminter ngandhani nyong, kae bae akeh bungkuse jajan sumebar neng lapangan.”
- Santi : “Tumindakmu aja sakarepe dhewek Fen, kowen ngarti apa ora sih yen sekolahe dhewek lagi tumuju sekolah Adiwiyata?”
- Feni : “Sekolah Adiwiyata? Apa kuwe artine San?”
- Santi : “Nyong be belih ngarti apa kuwe Adiwiyata, hehe.”
- Feni : “Kowen primen sih ditakoni temenan malah gemuyu. Tak takon Suci bae wis mbokan ngerti. Lah kae Suci mlaku mreng.”
- Suci : “Hai Feni, Santi. Kayong asik temen, wis pragat resik-resike?”
- Feni : “Wis Ci, tinimbang neng njero kelas padha gumerah nyong karo Santi njagong neng njaba karo ngenteni bel. Miki Santi ngomong yen sekolahe dhewek pan maju sekolah Adiwiyata. Sekolah Adiwiyata kuwe apa sih?”
- Suci : “Sekolah Adiwiyata kuwe artine sekolah sing peduli marang karesikan, kaendahan, lan kasarasan lingkungan. Tujuane Adiwiyata nyiptakna kondisi sing apik kanggo sekolah sing dadi tempat belajar lan nyadarna warga sekolah supaya mengkone sekolah kasebut bisa melu tanggung jawab kanggo nylametna lingkungan.”
- Feni : “Berati sekolahe dhewek melu lomba Adiwiyata ya Ci?”
- Suci : “Adiwiyata kuwe dudu lomba, Fen. Sekolah sing dinilai wis memenuhi kriteria penilaian olih apresiasi utawa penghargaan saka pamarentah.”
- Feni : “Penilaiane Adiwiyata kuwe apa bae sih?”
- Suci : “Penilaiane akeh nemen, sing jelas karesikane lingkungan sekolah, termasuk kamar mandi, WC, lan kantin sekolah. Lingkungan sekolah kudu ijo tegese nandur wit-witan utawa kembang, manfaatna barang-barang bekas dadi barang sing migunani, lan liya-liyane.”
- Santi : “Neng Kabupaten Tegal SMP endi bae sing wis pinilih sekolah Adiwiyata?”
- Suci : “Aku ora apal, kelingane SMPN 1 Slawi, SMPN 1 Talang, SMPN 1 Kramat, SMPN 2 Adiwerna, SMPN 2 Warureja, lan liya-liyane. Adiwiyata kuwe ana tingkatane, awit tingkat kabupaten, propinsi, nganti nasional.”
- Feni : “Muga-muga sekolahe dhewek olih penghargaan Sekolah Adiwiyata ya.”
- Suci : “Amin. Mulane awake dhewek kudu njaga karesikan lingkungan sekolah lan nganakake penghijauan neng lingkungan sekolah. Taman ditanduri kembang-kembang sing bisa nambahi endah lingkungan sekolah. Pimen saiki wis jelas masalah Adiwiyata?”
- Feni : “Wis Ci, maturnuwun ya. Ngesuk aku pan nggawa kembang daktandur neng sekolah.”
- Suci : “Ya Fen, bener kuwe ben sekolahe dhewek tambah rindang.”

SOAL MATERI 5

5A. Saka teks dialog kuwi, sapa tokoh sing paling mangerteni babagan Sekolah Adiwiyata?

- A. Feni
- B. Suci
- C. Santi
- D. Bu Guru

Kunci Jawaban: B

5B. Ora kabeh sekolah bisa duwe julukan Sekolah Adiwiyata. Kepriye kriteria sekolah kang bisa diarani Sekolah Adiwiyata?

- A. Sekolah sing menang perlombaan kang dianakake pemerintah, yaiku babagan karesikan, kaendahan, lan kasarasan lingkungan sekolah.
- B. Sekolah sing endah, resik, akeh tanduran wit-witan utawa kembang, lan manfaatna barang-barang bekas dadi barang sing bisa didol.
- C. Sekolah sing bisa nyiptakna kondisi sing apik kanggo tempat belajar lan bisa nyadarna warga sekolah supaya gelem ngolah limbah sampah.
- D. Sekolah sing peduli marang karesikan, kaendahan, lan kasarasan lingkungan, olih apresiasi utawa penghargaan saka pemerintah amarga memenuhi kriteria.

Kunci Jawaban: D

5C. Sekolah Adiwiyata mbutuhake usaha saka kabeh warga sekolah. Kanggo para siswa, apa bae kang bisa dilakokake kanggo ndukung sekolahe supaya olih penghargaan Sekolah Adiwiyata?

- A. Melu lomba siswa berprestasi lan nganakake penghijauan sekolah.
- B. Nggawa tempat sampah dhewe-dhewe lan ngecet tembok sekolah dadi warna ijo.
- C. Mbuwang sampah ing tempat sampah lan nandur kembang ing lingkungan sekolah.
- D. Njukuti sampah-sampah ing lingkungan sekolah banjur sampah dibakar supaya cepet ilang.

Kunci Jawaban: C

MATERI 6

“TEKS DESKRIPTIF”

Tari Topeng Endel



Esuk kiye sekolahku pan karawuhan tamu saka Dinas Pendidikan dan Kebudayaan. Ngendikane bapak kepala sekolah nalika upacara wingi, tim saka dinas pan nganakna penilaian sekolah sehat. Kanggo nyambut rawuhe tamu mau, disuguhna tarian sing arane tari topeng Endel. Ngendikane Bu Laras sing ngasta pelajaran Seni Budaya, Topeng Endel kuwe tarian sing kostume mirip penari Gambyong. Tariane diiringi gendhing lancar ombak banyu laras slendro manyura. Tari kiye nggambarana rewang sing tugase nglipur ratu, raja, lan nyambut tamu. Gerakan tari topeng Endel kiye lincah lan cepet padha karo gaya lan tingkah lakune masyarakat Tegal.

Tim saka dinas wis rawuh. Bapak lan ibu guru jumeneng nyambut tamu. Sawise tamune pinarak, tari Topeng Endel wiwit disuguhna. Penarine nganggo topeng bentuke lukisan wajah sing ayu. Tari topeng Endel pancen apik, gerakane lincah lan gesit pas nemen karo arane yakuwe Endel sing artine kenes, gendhil utawa menjeng. Gerakan sing khas neng tari Endel kuwe ana loro yakuwe giyul lan jeglong sing mung ana neng tarian kiye. Giyul kuwe nggoyangna pinggul posisi sikil jejer jenjeng, tangan kiwa menthang lempeng tangan tengen lempeng mengisor. Jeglong yakuwe sikil tanjak tengen, tangan kiwa sampur, tangan tengen nekuk, terus proses jeglong.

Bapak ibu guru sing ndeleng tari topeng Endel kaya kehipnotis sangking apike tarian kiye. Bocah-bocah sing ndeleng ya kayong seneng soale saiki wis arang-arang ana tarian tradisional. Bener-bener ora nyangka yen bocah kelas pitu bisa nari topeng Endel luwes lan lincah. Jebule Tegal duwe budaya khas sing ora ditemoni neng daerah liyane, tari topeng Endel salah sijine. Tarian kiye ora kalah apike karo tari liyane.

Barang acara penyambutan tamu wis pragat bocah-bocah manjing kelas. Nalika pelajaran seni budaya, bu Laras nerangna yen tari topeng Endel kuwe tarian asli saka Tegal sing diciptakna dening Ibu Darem terus diwarisna maring putra-putrane salah sijine Ibu Warni. Sing Ibu Warni dituruna maring Ibu Sawitri. Tari topeng Endel terus dilestarikna kosih saiki.

SOAL MATERI 6

6A. Sapa sing dadi penari Topeng Endel ing teks crita kuwi?

- A. Bocah SD
- B. Ibu Darem
- C. Bocah SMP
- D. Guru Seni Budaya

Kunci Jawaban: C

6B. Tari topeng Endel duwe ciri khas gerakan, yaiku gerakan giyul lan jeglong.

Apa bedane gerakan kuwi?

- A. Giyul tangan tengen nekuk, dene jeglong lempeng mengisor.
- B. Giyul kuwi nggoyangna pinggul, dene jeglong nggoyangna sirah.
- C. Posisi sikil ing gerakan giyul jejer jenjeng, dene jeglong sikil nekuk.
- D. Giyul tangan kiwa menthang lempeng, dene jeglong tangan kiwa sampur.

Kunci Jawaban: D

6C. Miturut unggah-ungguh basa ngoko alus, tembung “ndeleng” ing ukara sepisan paragraf katelu ing teks kuwi kurang trep. Tembung sing bener yaiku ...

- A. nonton
- B. ningali
- C. mirsani
- D. midhanget

Kunci Jawaban: D

MATERI 7
“TEKS GEGURITAN”

Tekad

Ngileng tenger jejer-jejer
Ketulis aran-arane kusuma bangsa
Ngemutna... pirang atus bae nyawa padha mati
Dijejeg, digered, dibedil, dipateni
Ora peduli iluh, getih padha mili
Para pahlawan ngurbanna nyawa, berjuang kanggo negeri
Merdeka atawa mati

